



Pou Piblikasyon Imedya: 15/07/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**DEKLARASYON GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL SOU 32,785 DÒZ VAKSEN
MONKEYPOX ADISYONÈL POU ETA NEW YORK AK VIL NEW YORK**

"Nan kòmansman jounen an, mwen te pale ak Doktè Ashish Jha nan kad efò kontinyèl nou pou asire New York resevwa ase rezèv vaksen monkeypox (varyòl makak) la, espesyalman pou Nouyòkè sa yo ki nan kominote ki gen gwo pousantaj transmisyon yo.

"Eta New York ak Vil New York te deja resevwa plis pase 28,000 dòz jiskaprezan, epi mwen kontan pataje ke nou pral resevwa kounye a yon lòt 32,785 dòz vaksen semèn k ap vini an pou kontinye efò nou yo pou reponn ak satisfè bezwen popilasyon ki pi riske nou yo.

"Pandan ke rezèv nasyonal la rete limite, Eta New York pral kontinye ak pledwaye entans li an pou sekirize alokasyon adisyonèl ki satisfè bezwen New York akòz kantite ka monkeypox ki pa pwopòsyonèl yo, espesyalman nan kominote LGBTQ+ nou yo, ki te espesyalman frape di. N ap kontinye travay nan tèt kole ak Administrasyon Biden pou asire ke New York resevwa pati jis li nan vaksen monkeypox yo. Nan kad repons jeneral monkeypox nou an, ekip mwen an ak mwen menm angaje pou nou travay 24 sou 24 pou sekirize tout vaksen posib pou Nouyòkè yo, asire alokasyon ekitab resous nan kominote LGBTQ+ nou yo, epi distribye dènye zouti ak enfòmasyon yo.

"Mwen rekonesan anvè Prezidan Biden, Doktè Jha ak lòt responsab Administrasyon an yo pou èd yo nan garanti plis dòz vaksen, epi mwen pa ka tann pou m kontinye travay nou ansanm pou pwoteje kominote vilnerab nou yo ak kenbe Nouyòkè yo an sekirite".

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418